XALIQ DEPUTATLARI NO'KÍS QALASI KEŃESINIŃ SHESHIMI

XALQ DEPUTATLARI NUKUS SHAHAR KENGASHINING QARORI

No'kís qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 96 **Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 96**

2021 - yil 30 - dekabr VI-39-66-13-195-K/21 Nókis qalası hákimligi

Нөкис қаласының 2022-жылғы жергиликли бюджет параметрлери ҳаққында

Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен усынылған Нөкис қаласының 2022-жылғы Бюджет параметрлерин көрип шығып, "Жергиликли Мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында"ғы Өзбекстан Республиксы Нызамының 24-статьясына муўапық, Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасының "2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы Нызамын басшылыққа алып орынлаў ушын қабыл етилсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң "2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында"ғы 2021-жыл 30-декабрьдеги қарарына (кейинги орынларда Қарар деп аталады) муўапық, Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджетиниң 2022-жыл ушын дәраматлары 220 млрд. 407.1 млн.сўм, қәрежетлери 272 млрд. 917.1 млн.сўм прогноз етилген муғдарында тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Нөкис қаласының 2022-жылғы Бюджет параметрлери дәраматлары прогнозы 1-қосымшаға ҳәм де қәрежетлер прогнозы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Нөкис қаласының сақлаўлы қоры муғдары 3-қосымшаға муўапық белгиленсин.

Нөкис қаласы жергиликли бюджетиниң 2022-жыл ушын сақлаўлы қоры тийисли бюджеттиң тастыйықланған улыўма қәрежетлериниң кеминде 1,0 пайызы муғдарында шешимде белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

5. Нөкис қаласы бюджетлерине улыўма мәмлекетлик салықлардан ажыратылатуғын ажыратпалар нормативлери 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

Яғный, 2022-жылда дәрамат түрлериниң бөлистирилиўи төмендегише белгиленсин:

а) қала ҳәм районлар жергиликли бюджетлерине толық түрде төмендеги салық түрлери:

- физикалық тәреплерден алынатуғын мал-мүлк салығы;

- физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы;

- айланбадан алынатуғын салық;

- физикалық тәреплерге тийисли мал-мүлкти ижараға бериўден алынатуғын жыллық дәраматы ҳаққындағы деклорацияға тийкар төленетуғын, сондай-ақ, жеке тәртиптеги исбилерменлер тәрепинен

төленетуғын физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы;

- суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық, буннан электр станциялары тәрепинен төленетуғын салықтан тысқары;

- қурылыс материаллары бойынша жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық;

- мобиль байланыс хызметлери, алкоголь өнимлери, соннан пиво ушын акциз салығы ҳәм де темеки өнимлери ушын акциз салықлары түсимлери есабынан Өзбекстан Республикасы бюджетинен өткерилип берилетуғын дәраматлар (2021-жыл 1-июль жағдайына қала халқының республика халқындағы үлесине муўапық).

б) республика бюджети ҳәм де Нөкис қаласы бюджетлери ортасында бөлистирилетуғын салық түрлери:

(ҳәр бир салық түри бойынша ажыратпалар нормативи 4-қосымшада көрсетиледи)

- Нөкис қаласының жергиликли бюджет ғәрезсизлигин толық тәмийинлеў мақсетинде, Нөкис қаласының физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы түсимлериниң 35 проценти жергиликли бюджетине;

- юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық түсимлери бойынша қала жергиликли бюджетине 100 процент;

- юридикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы түсимлери бойынша қала жергиликли бюджетине 100 процент жөнелтириў белгиленсин.

6. Нөкис қаласы жергиликли бюджетиниң ҳәр айлық сақланыўы тийис болған ең кем айланба касса қәрежетлер муғдары 5-қосымшаға муўапық белгиленсин.

7. Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономикалық ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары (К.Калимбетов), қалалық Салық инспекциясы (С.Уснатдинов) ҳәм қалалық Финанс бөлими (Қ.Юсупов) менен биргеликте:

- тийисли бюджетлерди биринши нәўбетте, ис-ҳақы ҳәм де оған теңлестирилген төлемлер, азық-аўқат, дәри-дәрмақ ҳәм де коммунал хызметлери қәрежетлериниң режелестирилиўи нәзерде тутқан ҳалда белгилеў;

- жергиликли бюджет прогноз көрсеткишлерин өз ўақтында ҳәм толық орынланыўын тәмийинлеў;

- бюджет қаржыларынан мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыў;

- бюджет тәртибине әмел етилиўиниң үстинен бақлаў ҳәм жуўапкершилигин және де күшейттириў;

- тийисли жергиликли бюджетлерге салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсимин тәмийинлеў;

- бюджет дәраматлар базасын асырыў ҳәм қосымша резервлерди анықлаўға айрықша итибар қаратсын.

8. Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов), Өзбекстан Республикасы Салық кодексине белгиленген ҳуқықларынан келип шығып:

- салықлардың толық ҳәм дурыс есапланыўын және де усы салықларды өз ўақтында бюджетке өндирилиўи үстинен салық бақлаўын күшейттириў;

- жер салығы, суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық ҳәм мал-мүлк салықлары бойынша турақлы талықлаў өткерген ҳалда, салықлардың толық есапланыўын тәмийинлеў ҳәм усы салық төлемлер бойынша салық қарыздарлығына жол қоймаў шараларын көриў;

- айланбадан салық түри бойынша салық төлеўшилер тәрепинен нақ пул айланбаларының салық есабатларында толық көрсетилиўи үстинен турақлы салық бақлаўын орнатыў ҳәм зәрүр жағдайларда хронометраж ҳәм де камерал салық бақлаў жумысларын өткериў, бунда, усы жөнелисте жәммәәтшилик бақлаўын күшейттириў мақсетинде, пуқараларға саўда чеклерин талап етип алыўды үгит-нәсият етиўши социаллық роликлер ҳәм де видео материаллар таярлап, социаллық тармақларда және де мәлимлеме-хабар қураллары арқалы кеңнен тарқатыў жумысларын алып барыўға әҳмийетли итибар қаратыў;

- хатлаўда өткериў жумысларын сапалы шөлкемлестириў арқалы жер ҳәм мал-мүлк салығының салық базасын асырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

9. Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов), Кадастр агентлигиниң Мәмлекетлик кадастрлар палатасы Нөкис қаласы филиалы (А.Худайбергенов) 2022-жылдан баслап юридикалық тәреплердиң мал-мүлк салығын есаплаўда көшпес мүлклерге 1 кв.метр ушын минимал муғдарынан белгиленгенлигинен келип шығып, республикадағы салық төлеўшилердиң мал-мүлклери майданлары бойынша пуқта анализ өткерилген ҳалда, мал-мүлклерине салықлардың толық есапланылыўын тәмийинлесин.

10. Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов), Кән-геология жумысларын қадағалаў инспекциясының Арқа-Батыс аймақлық инспекциясы (И.Уразбаев) ҳәм де қала ҳәкимлиги менен биргеликте:

- рудалы емес қурылыс материалларын қазып алыў тараўында нызамсыз жумыс ислеп атырған карьерлерди анықлаў ушын инвентаризациядан өткериў;

- инвентаризация нәтийжелери бойынша анықланған нызамсыз жумыс ислеп атырған карьерлер жумысларын нызамластырыў ҳәм оларды салық базасына қамтып алыў;

- рудалы емес қурылыс материалларын қазып алыў тараўында жумыс алып барып атырған карьерлер тәрепинен қазып алынып атырған рудалы емес қурылыс материаллары көлеминиң салық есабатларында толық сәўлелениўи үстинен турақлы қадағалаў орнатылсын.

Бунда, усы тараўда жумыс алып барып атырған карьерлердиң қазып алыў көлемлери бойынша турақлы анализ етип барыў ҳәм зәрүр жағдайларда қазып алыў көлемлерин анықлаўда жергиликли бюджеттиң қосымша дереклери есабынан “маркшейдрлик” хызметлеринен пайдаланыў лазым екенлиги айрықша белгилеп қойылсын.

11. Мәжбүрий орынлаў бюросының қалалық бөлими (Р.Балтабаев), Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов) менен биргеликте салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлер бойынша анықланған салық қарыздарлықларын бюджетке өндириў бойынша тийисли ис-илажлар көрип барсын ҳәм шереклер жуўмағы менен салық қарыздарлықларының шерек басына салыстырғанда кемейтирип барыўы бойынша анық комплекс ис-илажлар көриў ўазыйпасы жүклетилсин.

12. Мәҳәлле ҳәмде шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими (А.Бекмуратов), қала ҳәкимлиги менен биргеликте физикалық тәреплердиң жер ҳәмде мал-мүлк салықлары бойынша есапланған салықларын ҳәмде салық қарыздарлықларын өндириў бойынша салық органларына әмелий жәрдем көрсетсин.

13. Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономикалық ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары (К.Калимбетов) Мәмлекетлик активлерин басқарыў

агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқармасы, Бос турған объектлерден үнемли басқарыўды шөлкемлестириў орайының Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқармасы менен биргеликте:

- бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин анықлаў бойынша инвентаризация жумысларын сапалы шөлкемлестириў;

- инвентаризация нәтийжелери бойынша бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлери дизимин анықластырыў;

- анықланған дизим тийкарында бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин арендаға бериў ямаса сатыў бойынша тийисли усыныслар таярлаў;

- бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин арендаға бериў ямаса сатыў бойынша социаллық тармақларда ҳәмде мәлимлеме-хабар қураллары арқалы роликлер ҳәмде видео материаллар таярлаў ҳәм тарқатыў;

- меншиклестириўи белгиленген бос турған Мәмлекетлик мүлк объектлерин «e-ijro auction» майданшасы арқалы сатыў жумысларын шөлкемлестириў ўазыйпалары жүклетилсин.

14. Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономикалық ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары (К.Калимбетов) қала ҳәкимлигиниң тийисли жуўапкер хызметкерлери Қарақалпақстан Республикасы Монополияға қарсы гүресиў комитети менен биргеликте сыртқы реклама объектлерин толық инветаризациядан өткерилиўин тәмийинлеў ҳәм усы сыртқы реклама объектлери бойынша шәртнамалар дүзиў шаралары көрилсин ҳәм шәртнамалар бойынша жыйымларының бюджетке төлениўи үстинен турақлы қадағалаў орнатсын.

15. Нөкис қалалық Суў тармақлары бөлими (М.Утениязов) ҳәм Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Уснатдинов), қала ҳәкимлиги менен биргеликте қалада суўғарыўға жумсалатуғын суў муғдарлары бойынша анық есап-китапларын жүритиў, пайдаланылған суў көлемлери бойынша салықларды толық есапланыўын ҳәм финанс жылы жуўмағына шекем жергиликли бюджетлерге толық өндирип алыў ўазыйпасы жүклетилсин.

16. Нөкис қалалық экономика ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў бөлимине:

- жергиликли бюджеттиң қосымша дереклеринен пайдаланыў ҳаққындағы Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен берилген усыныслар тийкарында бюджет Нызамшылығына толық бойсынған ҳалда Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң шешими жойбарын ислеп шығылыўына;

- Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси шешими тийкарында жергиликли бюджеттиң қосымша дереклери есабынан ажыратылған қаржылардың мақсетли ҳәм нәтийжели жумсалыўы үстинен қадағалаў орнатыў ҳәм жуўмақлары бойынша усыныслар киритип барыў мақсетинде мониторинг өткериўге;

- жергиликли бюджет қәрежетлериниң Нызамшылықта белгиленген жәмийетшилик пикири тийкарында усыныс етилген мәселелерди қаржыландырыўға жөнелтириўде қатнасыў ҳәм усы қаржылардың мақсетли жумсалыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырыўға жуўапкер етип белгиленсин.

17. Нөкис қаласы ҳәкимлиги:

Қала жергиликли бюджетлери жәми қәрежетлериниң 5 проценти ҳәм қосымша дереклердиң кеминде 30 процентин жәмийетшилик пикири тийкарында жыйналған мәселелерди қаржыландырыў ушын “Пуқаралардың белсендилик қоры”на жөнелтирилсин.

Бунда, Халық депутатлары қалалық Кеңеси, Қалалық жаслар ислери агентлиги, қала ҳәкимлиги жанындағы Жәмәәтшилик кеңеслери ҳәмде жаңадан дүзилген ҳәким жәрдемшилери пуқаралардың бюджеттиң орынланыўы процессинде белсене қатнасыўын тәмийинлеў мақсетинде халыққа кеңнен түсиндириу ҳәм үгит нәсият жумысларын алып барыўға жуўапкер етип белгиленсин;

-жергиликли бюджетлердиң қосымша дереклери есабынан сатып алынатуғын товар ҳәм хызметлер, қурылыс, реконструкция ислеў ҳәм оңлаў жумыслары алып барылып атырған объектлер дизими, сондай-ақ, қурылыс-оңлаў жумысларының қаржыландырылыўы ҳаққындағы мағлыўматлар ҳәр шерек жуўмағы менен, кейинги шерек биринши айының 10-сәнесине шекем мәжбүрий тәртипте тийисли ҳәкимликлердиң белгиленген веб-сайтларына жайластырылып барылсын.

18. Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономикалық ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары (К.Калимбетов), қалалық тийисли мәкемелер ҳәм бөлимлер баслықлары:

- жергиликли бюджет дәраматы ҳәм қәрежетлериниң прогноз көрсеткишлериниң орынланыўы ҳәм де салық базасын кеңейттириў бойынша көрилген ис-илажлар;

- ажыратылған бюджет қаржыларынан мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланылыўы бойынша ерисилген нәтийжелери бойынша ҳәкимликке ҳәр шеректе кеминде бир мәртебе есабат киритип барсын.

19. Нөкис қаласы ҳәкимлиги тәрепинен Нызамда белгиленген айрым салықлар, төлем ставкалары, салық салыў тәртиплери ҳәм басқа да мағлыўматларды ғалаба қураллары арқалы халыққа жеткерилиўи тәмийинленсин.

20. Усы шешим “Пайтахт” газетасында жәриялансын ҳәм Нөкис қаласы ҳәкимлигиниң арнаўлы веб-сайтына жайластырылсын.

21. Усы шешим дағаза етилген күннен баслап күшке киреди.

Усы шешимниң орынланыўын тәмийинлеў Нөкис қаласы ҳәкиминиң финанс-экономикалық ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў мәселелери бойынша биринши орынбасары К.Калимбетовқа жүклетилсин.

Keńes baslıǵı **U.Panaev**

Халқ депутатлари Нөкис шаҳар
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-66-13-195-K/21-сон қарорига
1-илова

Нөкис қаласы жергиликли бюджети дәраматларының 2022-жылдағы тийкарғы прогноз көрсеткишлери

мың.сўмда

Т/Р	Дәрамат түрлери	жәми
I	ЖӘМИ	**220,407,057.0**
1	Кәрханалар айланбасынан салық	35,796,000.0
2	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	131,863,900.0
3	Исбилерменлик пенен шуғылланыўшы физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	3,776,000.0
4	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	13,965,000.0
5	Физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	7,107,000.0
6	Юридикалық тәреплер жер салығы	14,222,157.0
7	Физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы	12,900,000.0
8	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары)	102,000.0
9	Суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық	675,000.0
10	Мәмлекетлик бажы	
11	Жәриймалар	
12	Ижара төлеми	
13	Мәмлекетлик шөлкемлердиң сап пайдасынан дәрамат	
14	Жыйымлар	
II	Өткерилип берилетуғын дәраматлар	**52,510,000.0**
III	Трансфертлер	
	ЖӘМИ ДӘРАМАТЛАР	**272,917,057.0**

Халқ депутатлари Нөкис шаҳар
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-66-13-195-К/21-сон қарорига
2-илова

2022-жыл ушын Нөкис қаласының жергиликли бюджетинен биринши дәрежели бюджет қаржылары бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қаржылардың шекленген муғдарлары

мың.сўмда

т/н	Көрсеткишлер	Суммасы
	Жәми қәрежетлери	**272,917,057.0**
1	**Нөкис қаласы Халық билимлендириў бөлими**	**18,253,521.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	18,253,521.0
2	**Нөкис қаласы Мектепке шекемги билимлендириў бөлими**	**32,813,314.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	32,813,314.0
3	**Нөкис қаласы Денсаўлықты сақлаў мәкемелери**	**72,848,945.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	72,848,945.0
4	**Нөкис қаласы Мәденият бөлими**	**1,477,381.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	1,477,381.0
5	**Нөкис қаласы Жас өспиримлер спорт мектеплери**	**6,964,982.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	6,964,982.0
6	**Абаданластырыў басқармасы**	**24,800,904.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	24,800,904.0

7	**Ветеринария ҳәм шаруўашылықты раўажландырыў бөлими**	**1,001,899.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	1,001,899.0
8	**Мәмлекет басқарыў уйымлары**	**114,754,888.0**
	соннан:	
	сақлаў қәрежетлери	6,861,869.0
	Социаллық напақалар ҳәм компенсация төлемлери	84,387,741.0
	Социаллық көнликпе орайлары	274,679.0
	Пуқаралардың өзин -өзи басқарыў органларын сақлаў	7,661,076.0
	Сақлаўлы қоры	2,574,696.0
	Жәмийетшилик пикирлер тийкарындағы ажыратылатуғын қаржылар	12,996,050.0

Халқ депутатлари Нөкис шаҳар
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-66-13-195-K/21-сон қарорига
3-илова

Қала жергиликли бюджетиниң сақлаўлы қорлары муғдарлары

мың.сўмда

Т/р	Аймақлар атамасы	Сақлаўлы қорлары муғдары
1	Нөкис қаласы	2,574,696.0

Халқ депутатлари Нөкис шаҳар
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-66-13-195-K/21-сон қарорига
4-илова

Улыўма мәмлекетлик салықларынан қала ҳәм районлар жергиликли бюджетлерине ажыратпалар нормативи

Т/Н	Қала ҳәм районлар аты	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	Жеке тәртиптеги исбилерменлер-ден алынатуғын дәрамат салығы	Жеке тәртипдеги исбилерменлер-ден алынатуғын қатаң белгиленген салық	Айланбадан салық	Юридик тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	Юридик тәреплердиң жер салығы	Суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық (электр станцияларынан тысқары)
1	Нөкис қаласы	35	100	100	100	100	100	100

Халқ депутатлари Нөкис шаҳар
Кенгашининг
2021 йил 30 декабрдаги
VI-39-66-13-195-K/21-сон қарорига
5-илова

Қалалық жергиликли бюджетиниң ҳәр айлық сақланыўы тийис болған ең кем айланба касса қәрежетлер муғдары

мың сўмда

Т/р	**Аймақлар атамасы**	**Муғдары**
1	Нөкис қаласы	1,889,000.0